



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ÈD ADIYONÈL POU SIPÒTE ENDISTRI AGRIKÒL PÒTORIKO A APRE SIKLÒN FIONA

Dezyèm livrezon manje — 19,000 liv — ke fèm Eta New York yo te bay bank alimantè lokal

Patenarya komèsyal ant New York ak Pòtoriko pou ogmante aksè ak pwodui

Cornell University ofri etidyan yo pwogram pou agrikilti ak rechèch

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a sipòadosyonèl pou endistri agrikòl Pòtoriko a ak òganizasyon asistans alimantè ijans yo pandan zile a ap kontinye rekonstwi apre siklòn Fiona. Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets, AGM) Eta New York te òganize, avèk asistans Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), yon don 19,000 liv manje ki soti nan fèm New York yo. Sa baze sou [yon don Nouri Eta New York \(Feeding New York State\)](#) te bay nan mwa septanm ki gen 37,000 liv pwodui fre melanje. Gouvènè a te anonse tou yon nouvo patenarya komèsyal ant New York ak Pòtoriko pou elaji aksè ak pwodui, ansanm ak yon patenarya ak Cornell University pou ofri etidyan nan University of Puerto Rico-Mayaguez nouvo pwogram ak eksperyans pou agrikilti ak rechèch.

"Devastasyon Fiona kite dèyè a pa alawotè fòs ak rezistans zanmi ak fanmi nou yo nan Pòtoriko", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye fèm New York nou yo ki te toujou reponn ak apèl pou sipòte vwazen nou yo ki nan bezwen yo, epi mwen pa ka tann yon filyè pwodwi fre ki pi dirab ki pral epi k ap soti nan zile a pou anpil ane k ap vini yo."

Pandan vizit li a, Gouvènè a te fè yon toune nan Banco de Alimentos de Puerto Rico (Bank Alimantè Pòtoriko) pou resevwa donasyon yo epi renpak manje pou distribye bay fanmi ki nan bezwen apre devastasyon siklòn lan. Siklòn Fiona te fè glisman tèren sou kòt sidwès Pòtoriko dimanch 18 septanm ak van soutni ki rive nan 137 kilomèt alè ak lapli toransyèl, jiska 30 pous nan kèk zòn. Inondasyon katastwofik te fèt, espesyalman nan pati sid ak sidès zile a, kote gwo ogmantasyon bò rivyè yo konbine avèk vag tanpèt/inondasyon nan zòn kotyè anplis gwo lapli a. Sa a te fè anpil domaj sou rekòt yo ki te tou pre sezon rekòt, sa ki agrave bezwen pou èd imedya ak nan lavni.

Travay an kowòdinasyon ak AGM, Biwo Fèm Agrikòl New York la te òganize don 300 kès pòm ki soti nan Hudson River Fruit Distributors nan Milton, de palèt tat joumou ki soti nan Reeves Family Farm nan Baldwinsville, senk palèt kouj miske, joumou, ak pòm detè ak lòt legim fre ki soti nan lòt fèm k ap patisipe yo pou yon total 19,000 liv manje. Tout don yo prale Banco de Alimentos de Puerto Rico (Bank Alimantè Pòtoriko) pou yo distribye atravè zile a.

Vizit la poze tou baz pou relanse patenarya echanj komèsyal New York ki bay avantaj mityèlman ak Pòtoriko, ki te gen ladann yon premye Fowòm Komèsyal Agrikòl ki te lakòz Pòtoriko te achte pòm, zonyon ak chou Eta New York epi New York te achte mango, papay, ak melon san grenn nan Pòtoriko. Plan yo ap fèt pou elaji echanj komèsyal sa a, ki pral gen ladan New York Food Hub nan Bronx k ap achte fwi nan men Pòtoriko ki pral ogmante aksè ak manje nan zòn ki pa gen sèvis yo nan Vil New York. Depatman Agrikilti ak Mache New York ap travay ak chanèl distribisyon kle yo pou ede fasilite komès pwodui agrikòl sa a soti nan Pòtoriko rive nan mache New York yo, pandan y ap agrandi relasyon yo pou ogmante sipò ak acha nan fèm New York yo. Li enpòtan pou sonje ke Pòtoriko enpòte 85 pousan nan manje li yo, epi ak katastwòf natirèl tankou Siklòn Maria an 2017 ak Fiona an 2022, rès 15 pousan an menase nan yon moman done, sa ki lakòz plis ensekirite alimantè nan Teritwa a.

Kolèj Agrikòl ak Syans Lavi Cornell University a ap sipòte efò sa yo atravè travay li ak University of Puerto Rico-Mayaguez pou kreye nouvo eksperyans etidyan ak estaj nan syans agrikòl pou sipòte dirabilite manje Pòtoriko. Ete ki sot pase a, Kolèj agrikilti ak Syans Lavi Cornell University a te òganize yon opòtinite aprantisaj eksperyans pandan ete pou senk elèv bakaloreya nan University of Puerto Rico-Mayaguez pou pase yon mwa nan domèn ak laboratwa rechèch Cornell yo pou aprann sou pratik rechèch agrikòl dirab ak devlopman pwodwi agrikòl ki gen valè ajoute. Kolèj Agrikilti ak Syans Lavi Cornell University pral ofri pwogram sa a ankò nan ete 2023 pou yon lòt senk etidyan yo ka jwenn eksperyans estaj pandan ete a, alòske University of Puerto Rico-Mayaguez pral ofri yon kou ki mete aksan sou syans sistèm agrikòl ak alimantè pou 20 lòt etidyan University of Puerto Rico-Mayaguez chak ane, sa k ap ede grandi antreprenè manje yo nan Pòtoriko.

David Fisher, ki se Prezidan Biwo Fèm Agrikòl New York (New York Farm Bureau, NYFB), te deklare, "Kominote agrikòl la gen yon istwa nan mobilize ak sipòte youn lòt apre yon gwo pèt nan men manman lanati, kit nou separe pa yon kloti fèm oswa yon oseyan. Nou voye panse pou moun Pòtoriko yo, epi Biwo Fèm Agrikòl New York la te travay rapidman ak Eta New York pou fè sa nou te kapab pou soulaje fado a. Mwen ta renmen espesyalman remèsye kiltivatè nou yo ki te bay fwi ak legim fre pou ede pandan yon moman ki gen gwo bezwen."

Pwofesè Rechèch nan Devlopman Global nan Kolèj Agrikòl ak Syans Lavi Cornell University nan Maricelis Acevedo, te deklare, "Gen yon bezwen ijan pou re-imagine sektè agrikòl la nan Pòtoriko. Kolaborasyon ant Cornell ak University of Puerto Rico-Mayaguez konekte etidyan ak pwofesè yo nan efò pou kreye sistèm agrikòl ki pi dirab ak fleksib epi fòje yon kominote chèchè angaje k ap travay sou solisyon pou gwo defi

klimatik yo ke sekirite alimantè a ap fè fas ak yo. Pwojè nou an ki finanse atravè yon Sibvansyon Edikasyon USDA-NIFA sipòte chemen aprantisaj pou etidyan premye sik UPRM ak pwofesè yo pou angaje ak rechèch ak pratik agrikòl Eta New York la epi jwenn eksperyans rechèch nan laboratwa ak pwogram CALS yo k ap mennen nan mond lan. Pwogram sa a ede bati yon kominote vibran ki gen jèn chèchè ki pral abòde kriz klimatik k ap grandi a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418